

BAB V PANUTUP

5.1 Kacindekan

Pupujian mangrupa salah sahiji wangun karya sastra dina wangun puisi heubeul anu sumebarna sacara lisan. Pupujian masih hirup dilingkungan pasantrén, saperti pupujian nu aya di Pasantrén Syafi'iyah Al-Falah, Désa Mekarjaya, Kecamatan Bungbulang, Kabupatén Garut, masih kénéh dipaké ku santri-santrina. Ieu hal bisa katitén atawa dibuktikeun ku cara diayakeun panalungtikan ngeunaan pupujian di pasantrén.

Bisa dicindekkeun yén pupujian nu kapanggih di Pasantrén Syafi'iyah Al-Falah Désa Mekarjaya Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut 22 pupujian. Saterusna dina nagtukeun pupujian anu rék dianalisis dipilih ku cara (*sampel purposive*) nu dianggap bisa ngawakilan tina sakabéh pupujian, ahirna pupujian nu dianalisis 17 anu judulna nya éta “Niat Ngaos”, “Do’a Saatos Ngas”, “Éling-éling Umat”, “Nabi Urang”, “Syahadataén”, “Ahlakul Banén”, “Ngalatih Tauhid”, “Murangkalih Jujur”, “Budak nu Bakti ka Alloh”, “Ngagungkeun Nabi Muhammad”, “Maot Ngadodoho”, “Dauh Nabi”, “Anak Adam”, “Alloh Maha Gagah”, “Isri Mi’raj”, “Naraka Jahanam”, “Surga”, “Éling-éling Ihwan”.

Analisis dumasar kana wangun pangsaeutikna 2 pada, jeung panglobana 32 pada. Jumlah padalisan rata-rata diwangun ku 4 padalisan (wangun kantétan opat). Kitu deui jumlah engang, ieu ogé kaayaan teu kauger, dina harti robah-robah. Engang anu kapanggih jumlahna ti mimiti 7 nepi ka 14 engang.

Basa anu dipaké dina pupujian nya éta basa Sunda jeung campuran (Arab Sunda). Pupujian nu aya di pasantrén Syafi'iyah Al-Falah anu maké basa Sunda aya 19 judul pupujian, jeung anu maké basa campuran (Arab Sunda) aya hiji judul pupujian. Jadi lolobana pupujian nu aya di pasantrén Syafi'iyah Al-Falah ngagunakeun basa Sunda.

Eusi pupujian bisa diwincik, nu muji kaagungan Pangéran aya sajudul pupujian, solawat ka Rosul aya sajudul pupujian, ngado'a jeung tobat ka Pangéran aya 4 judul pupujian, nganaséhat aya 3 judul pupujian, jeung panagajaran agama 12 judul pupujian. Sedengkeun analisis dumasar kana harti ngawengku kana harti saujurtna, rasa, nada jeung itikad.

Pupujian nu fungsina keur nungguan jamaah solat aya 7 judul pupujian, pupujian anu fungsina dina pangajian rutin anu ibu-ibu aya 4 judul pupujian, pupujian nu fungsina waktu barudak ngaji di pasantrén aya 8 judul pupujian.

Tina hasil ieu panalungtikan, bisa dijadikeun wangun bahan pangajaran di SMP kelas VII antara materi pupujian aya dina SKKD.

5.1 Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan pupujian ngeunaan wangun, eusi, harti jeung fungsi karasa pisan mangpatna pikeun nu nalungtik, di antrana bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan karya sastra Sunda, jeung bisa mikanyaho karya sastra wangun pupujian di wewengkon sorangan. Salianti éta eusi nu aya dina pupujian ogé miboga mangpaat jeung ajén nu luhurna sangkan bisa diamalkeun dina kahirupan sapopoé.

Dumasar kana éta hal aya sababaraha hal anu perlu ditepikeun diantarana, pikeun para siswa kudu wanoh kana karya sastra Sunda nu salah sahijina pupujian. Sangkan siswa wanoh yén Sunda ogé beunghar ku karya sastrana. Alusna mah materi pupujian téh henteu ngansaukur ditepikeun di kelas hiji wungkul, tapi ogé ditepikeun di kelas dua jeung kelas tilu. Sacara teu langsung pangajaran pupujian bisa méré papatah jeung ngatur kahirupan sangkan leuwih hadé.

Pikeun guru nu nyekel pangajaran basa Sunda, dina nepikeun pangajaran, hususna pangajaran sastra ulah matok kana buku pakét waé tapi bisa dirojong ku pangaweruh nu aya dimasyarakat, misalna nitah siswa sangkan néangan pupujian diwewengkona masing-masing, sangkan siswa leuwih motékar dina nambahan élmu pangaweruh nu leuwih jembar.

Pikeun masarakat pupujian téh terus diriksa sangkan tetep hirup kucara dipaké dina kahirupan sapopé, upama pupujian rék solat berjamaah, pangajian rutin ibu-ibu, ngajarkeun pangajaran agama di tempat ngaji, jeung dina waktu miéling poé kaagamaan misalna satiap bulan Robiul Awal (muludan), jeung miéling isro mi'raj dina bulan Rajab (rajaban).